



Chanjman nan Evalyasyon pou Klas 3èm-8èm pou Ane 2016: Tout sa Paran dwe Konnen

Chak prentan, elèv ki nan klas 3èm-8èm ane nan Eta Nouyòk la ap pran Egzamen Lang e Literati Angle (ELA) ak Egzamen Matematik. Men enfòmasyon sou chanjman Depatman Edikasyon Eta Nouyòk la fè pou egzamen 2016 yo.

Ap Gen mwens Kesyon nan Egzamen yo

Pou ane 2016 la, Egzamen Lang e Literati Angle (ELA) pou klas 3èm-8èm ane ap gen yon tèks an mwens pou li ak mwens kesyon pou reponn. Pou ane 2016 la, Egzamen Matematik pou klas 3èm-8èm ane ap gen mwens kesyon.

Egzamen ki pa gen tan Limite

Pou ane 2016 la, Egzamen Lang e Literati Angle (ELA) ak Egzamen Matematik p ap gen tan limite. Chanjman sa a ap bay elèv yo plis opòtinite pou yo montre sa yo konnen ak sa yo ka fè paske l ap pèmèt yo travay nan pwòp rit pa yo. An jeneral, sa vle di, depi elèv yo ap travay kòm sa dwa, y ap bay yo tout tan yo bezwen pou yo fini egzamen yo.

Pwofesè Yo ap Jwe yon pi Gwo Wòl

Depatman Edikasyon Eta Nouyòk ogmante kantite pwofesè k ap patisipe nan kreye egzamen yo epi nan revize yo. Anplis, yo kreye lòt kalite opòtinite pou pwofesè yo patisipe nan devlopman pwochen egzamen yo.

- Pwofesè ki soti toupatou nan Eta Nouyòk la te reyini nan Albani nan mwa oktòb 2015 pou yo evalye kesyon ak pou yo chwazi kesyon pou egzamen 2016 yo.
- Kòmanse nan sezon otòn 2015 e alavni, yon pi gran nonm pwofesè nan Eta Nouyòk deja ap patisipe e y ap kontinye patisipe nan revizyon kesyon egzamen yo ak nan fòm final egzamen yo ap genyen.
- Pou lapremyè fwa, pwofesè nan Eta Nouyòk la pral ekri kesyon pou Egzamen Lang e Literati Angle (ELA) ak Egzamen Matematik pou klas 3èm-8èm ane. Y ap kòmanse sèvi ak kesyon sa yo nan egzamen ane 2018 yo.

Editè Nouvo Egzamen

Lete pase, Questar Assessment Inc. jwenn kontra pou l fè evalyasyon Egzamen Lang e Literati Angle (ELA) ak Egzamen Matematik pou klas 3èm-8èm ane nan Eta Nouyòk. Questar Assessment Inc. ak Depatman Edikasyon Eta Nouyòk ap travay ansanm sou chanjman yo dekri pi wo ak lòt chanjman k ap fèt nan Egzamen Lang e Literati Angle (ELA) ak Egzamen Matematik pou klas 3èm-8èm ane.

Voye kesyon sou pwogram evalyasyon, règleman ak pwosedi nan emscassessinfo@nysed.gov

HAITIAN CREOLE



engage^{ny}
Our Students. Their Moment.

